

# BILTEN KI SOTI CHAK DE MWA FEVRIYE 20 - MAS 20

# PAIRCC

Karayib-Klima

UNITE  
CARIBBEAN  
CARIBBEAN DEVELOPMENT ADVISORS

## PWOJÈ POU SOUTNI ENTEGRASYON REJYONAL KARAYIB-KLIMA



## AKTYALITE

### Konsekans epidemi COVID-19 la genyen sou pwojè PAIRCC a

Parapò ak sa k ap pase jodi a, akòz epidemi Covid-19 la k ap vale teren nan monn lan, nou te oblije chanje dat fòmasyon PAIRCC sou Premye Swen Sikolojik la nan Ladominik ak seminè PAIRCC sou Rezilyans Klimatik nan Karayib la.

Èvènman sa a yo te dwe fèt ann avril, men n ap repwograme yo nan yon lòt dat. N a ba nou dat sa a yo pi devan.

Èvènman n ap viv yo fè nou sonje kòman se yon bagay ki enpòtan pou nou ranfòse kapasite rezilyans sosyete nou yo pandan n ap pwoteje ekosistèm nou yo.

## PLATFÒM AKSYON PAIRCC A

UNITE Caribbean se yon ajans nan rejyon Karayib la ki bay konsèy nan domèn koperasyon ak devlopman rejyonal, se yon operatè k ap egzekite **Pwojè pou soutni entegrasyon rejyonal Karayib-klima (PAIRCC)**, avèk yon finansman ministè afè etranjè peyi Lafrans (MEAE).

PAIRCC vize ranfòse kapasite rezilyans klimatik la sou **senk teritwa ki pale kreyòl nan Karayib la yo** ki se: Ayiti, Gwadeloup, Ladominik, Matinik ak Sentlisi. Li gen twa pati: Yon seri misyon **asistans teknik**, yon seri **modil fòmasyon** ak yon **platfòm dijital**.

Nan pwèn nou ye la a, pwojè a abòde senk tematik ki konsène rezilyans klimatik la: **Dispozisyon pou fè aktivite yo pa kanpe / Ekonomi “youn antre nan lòt” la / Edikasyon sou anviwònman / Touris dirab / Sante mantal**. Chak de mwa, bilten platfòm PAIRCC a retounen sou pwogrè ki fèt nan pwojè a ak gran evènman li yo.

## NAN KALANDRIYE NOU

### Soti avril pou rive septanm 2020

**Reyinyon rezo PAIRCC a sou entènèt**  
Enfòm sou sa k ap pase sou rezo a epi fè echanj sou yon nouvo sijè, chak mwa. Grasa envite donè yo, chak reyinyon yo fèt sou yon sijè espesyal epi pèmèt yo pataje bon pratik yo.

### Soti 6 pou rive 11 septanm 2020

**Virtual Island Summit - Sou entènèt**  
Virtual Island Summit la se yon evènman ki fèt sou entènèt sèlman, pou konekte tout zile yo nan monn lan epi pou pèmèt yo pataje eksperyans yo fè yo sou yon platfòm dijital. Evènman sa a ap fèt nan tèt kole ak OEKO.

### Soti 23 pou rive 24 septanm 2020

**Mouvman pou Devlopman Dirab (MDD 2020) - Sentlisi**  
Se premye MDD Òganizasyon Eta Lès Karayib yo (OEKO) ap òganize. Nou espere resevwa plis pase 700 delege k ap soti nan zòn Karayib la epi nan lemond nan peyi Sentlisi.


## Demann rejyonal pou pwojè sou biyodivèsite

Fon pou Biyodivèsite nan Karayib la lanse yon dezyèm demann pwojè, atravè Fasilite « Adaptasyon ki chita sou Ekosistèm yo » (yo rele Fasilite AbE). Nan ki objektif ? Pou ede popilasyon yo adapte anba move konsekans chanjman klimatik yo, pou ede yo diminye ris katastwòf yo epi pou ede yo monte ekosistèm ak ekonomi ki solid. UNITE Caribbean ap travay pou l soumèt yon pwojè. Y ap presevwa pwojè jiska 30 avril 2020. Pou plis enfòmasyon, ale sou: <https://www.caribbeanbiodiversityfund.org/news/94-eba-facility-second-call-for-proposals-is-open>



## Prezantasyon apwòch Touris Dirab la bay Konsèy Ekonomik Sosyal Anviwònman ak Rejyonal (CESER) Gwadeloup la

Jedi 5 mas ki sot pase a, UNITE Caribbean te reponn yon envitasyon CESER Gwadeloup la te fè l, espesyalman Caroline ROMNEY, ki se manm rezo PAIRCC a. Nou te gen chans prezante travay gwoup Touris Dirab rezo PAIRCC a te reyalize. Se kon sa, gwoup travay la ap revize kritè GSTC yo pou l adapte yo ak kontèks lokal la. Gen de (2) sou twa (3) nan nouvo kritè revize sa a yo ki disponib sou platfòm dijital la, ppaircc.org.



# AKTYALITE REZO A



## Rejinyon rezo PAIRCC a fè sou entènèt yo, yon randevou nou pa ka manke

T a n z a n t a n , manm rezo yo chita ansanm nan rejinyon tematik sou entènèt. Nan mwa ki sot pase yo, gen



plizyè envite ki vin pale sou fason yo te enplike nan pwojè Rezilyans Klimatik sou plizyè domèn tankou Ekonomi « youn antre nan lòt », Dispozisyon pou fè aktivite yo pa kanpe, Pledwaye sou Chanjman Klimatik oswa mezi sosyete sivil la ka pran pou peyi yo adapte anba Chanjman Klimatik la.

An nou gade pwogram premye trimès 2020 an ankò:

- ❖ 22 janvyè: ACLEDD ede nou **repase sou COP 25** la
- ❖ 23 janvyè: **Fatra k ap tounen richès** avèk Recycle Rebuild ak pwojè RePLAST OECS
- ❖ 13 fevriye: Yon chita sou **CANARI** (Caribbean Natural Resources Institute)
- ❖ 6 mas: Digicel Ayiti prezante **Dispozisyon pou fè aktivite yo pa kanpe** epi Kwa Wouj Fransè prezante **pwojè INTERREG Ready Together**
- ❖ 19 mas: **Pledwaye sou Chanjman Klimatik** nan Karayib la avèk yon ONG ki rele PANOS ak Rezo Jèn nan Karayib la pou Anviwònman (Caribbean Youth Environmental Network, CYEN) nan Sentlisi

**Nou ta renmen di chak moun ki te pran lapawòl yo mès** paske yo te pran tan pou yo pataje eksperyans yo avèk patisipan yo epi nou fè nou sonje **rejinyon sa a yo ouvè pou tout manm ak pwochen manm rezo PAIRCC a.**

**Rete konekte** pou nou konnen pwochen rejinyon k ap fèt sou entènèt yo nan mwa k ap vini yo.

# APPÈL pou KONTRIBISYON

Pou rezo **PAIRCC a kontinye**, chak grenn kontribisyon nou pote **yo endispensab**. Jan nou konnen l deja, PAIRCC a se pou nou !

➔ Ou ta renmen **rann baz dokimantè dijital nou an pi rich** pou ou ankouraje moun pataje enfòmasyon epi bay fidbak sou kesyon resilyans klimatik la ?

➔ Ou ta renmen **prezante youn nan pwojè w yo bay rezo a** pandan youn nan reyinyon nou genyen sou entènèt yo ?

➔ Òganizasyon w lan ta vle **sipòte pwochen seminè n ap fè nan Karayib la** sou Rezilyans klimatik la ?

Toujou enfòme nou sou aktivite n ap fè, pwojè nou genyen, patisipasyon nou nan evènman rejyonal yo epi pa ezite pataje remak nou yo ak sa nou wè ansanm avèk nou. **Se kontribisyon nou yo ki se kle reysit pwojè a.**

Anissa Zapata, chèf pwojè a disponib pou si nou bezwen plis enfòmasyon.

## KONTAK

Anissa ZAPATA | [azapata@unite-caribbean.com](mailto:azapata@unite-caribbean.com)

Chak jou ki pase, UNITE Caribbean rapwoche teritwa ki pale kreyòl yo pi plis atravè platfòm aksyon PAIRCC a.



PAIRCC jwenn finasman Fon Solidarite Prioritè pou Inovasyon Ministè Fransè Ewopeyen ak Afè Etranjè. Se UNITE Caribbean ki reyalize pwojè sa a.

